

KNOW YOUR PIPES


Enfòmasyon Debaz

Revizyon Règleman Plon ak Kuiv

An 1991, Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) te pase yon reglemantasyon federal ki rele Règleman Plon ak Kuiv (LCR), ki egzije konpayi sèvis dlo potab pou yo siveye nivo plon nan liy sèvis dlo nan kay kliyan yo. Si yo jwenn nivo plon elve, sèvis itilite a dwe aktivman bay kontwòl kwozyon epi redui tout risk pou yo ekspozè. An 2021, EPA te anonse kèk reglemantasyon adisyonèl, ke yo rele [Revizyon Règleman Plon ak Kuiv \(LCRR\)](#), ki etabli sèten prensip siveyans, analiz ak rapò ki pi espesifik pou regle pwoblèm risk pou sante ki gen rapò ak ekspozisyon a plon ki nan dlo potab.

An 2024, yo te ajoute Amelyorasyon Règleman Plon ak Kuiv (LCRI) pou ranfòse plis toujou egzijans pou sèvis dlo ki te premye etabli nan LCRR la. LCRI egzije sèvis itilite dlo nan tout peyi a pou yo mete ajou envantè konplè materyo liy sèvis yo te premye soumèt nan mwa oktòb 2024 la, pou yo kontinye idantifye anplasman ki gen liy sèvis an plon, epi pou yo redui gravite risk yo rapidman.

Nan Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade (WASD), pwoteje sante piblik ak asire sekirite kominote nou an se pi gran priorite nou. Pou konfòme nou ak règleman EPA yo epi asire ke kliyan nou yo gen resous ak materyèl yo bezwen pou konprann LCRR /LCRI epi pou yo klè sou nenpòt aksyon yo ka bezwen pran, WASD aplike Pwogram Konnen Tiyo Dlo ou.



KNOW YOUR PIPES

Done Debaz

WASD bay dlo ki sekirite ak bon kalite ki satisfè oswa depase estanda dlo potab Eta ak federal. Depatman an te toujou konfòme li avèk LCR depi lè yo te etabli li. Posiblite ki genyen pou jwenn liy sèvis ki fèt an plon nan sistèm distribisyon dlo nou an piti. Konte Miami-Dade te entèdi itilizasyon plon nan fabrikasyon tiyo dlo an 1976, yon deseni anvan yo te ajoute yon entèdiksyon nasyonal nan Lwa pou Sekirite Dlo Potab la.

Sous dlo potab yo pa natirèlman gen plon an jeneral. Okontrè, se sèten kalite materyèl plonbri ki pote dlo potab nan kay ak nan biznis, ki kapab depoze plon nan dlo a. Pami materyèl plonbri sa yo genyen ansyen liy sèvis, wobinè ak lòt objè.

Yon liy sèvis se tiyo anba tè ki konekte kay ou avèk gwo tiyo kanalizasyon dlo, li mennen dlo nan wobinè, nan basen saldeben, nan douch, ak lòt enstalasyon ki itilize dlo nan kay la. Imaj anba la a montre kòman liy sèvis dlo yo estriktire nòmalman nan Konte Miami-Dade.

WASD devwe a tretman ak livrezon dlo potab ki sekirite ak kalite siperyè pou tout kliyan nou yo. Nou vle asire kliyan yo ke Ke Miami-Dade kontwòle kalite chimik dlo lè nou ajoute yon eleman blokaj kowozyon pou asire nivo plon yo rete lwen anba limit regilasyon federal la lè dlo a kite etablisman tretman nou an. Ou ka jwenn rapò sou kalite dlo chak ane sou [sit entènèt WASD](#).

Fason ou kapab ede

Règleman LCRR/LCRI yo egzije tout sèvis itilite nan Etazini ki gen sistèm distribisyon dlo pou yo devlope e mete ajou yon envantè konplè materyo liy sèvis dlo, pou yo mete a egzekisyon nouvo estanda echantiyonaj konfòmite, epi pou yo rann rezilta yo piblikman disponib.

Byenke Konte Miami-Dade pat otorize plon kòm materyo tiyotri depi 1976, toujou gen pwopriyete ki sou lis kòm pwopriyete ki gen liy sèvis ki fèt ak materyo enkonni. Pou nou konplete envantè nou an, nou bezwen èd ou pou nou jwenn kote liy sèvis ki fèt an plon ka toujou egziste, epi nou ap mande kliyan Konte Miami-Dade pou yo konplete yon sondaj kout konsènan ak ki materyo liy sèvis yo genyen yo fèt.

Se sèlman kliyan ki gen liy sèvis ki fèt ak materyèl enkonni dapre dosye nou n ap mande ranpli sondaj la. Pou w jwenn si materyèl liy sèvis ou a enkonni, nou te devlope yon kat entèaktif ou kapab antre ladan lè w [klike sou lyen](#) oswa ou eskane kòd QR anba la a:



Kou w antre nan kat la, senpleman:

1. Tape adrès ou.
2. Si gen yon Pwen Gri ki parèt nan pwopriyete ou a, tanpri pran sondaj [oto-deklarasyon an](#).

Nan kad konfòmite a règleman LCRR /LCRI la, WASD ofri enfòmasyon sou materyèl liy sèvis yo bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid la, epi baz done envantè a pral disponib sou [paj entènèt](#) la.

Si w ta renmen plis enfòmasyon oswa si w gen kesyon, tanpri kontakte Sèvis Kliyan Pwogram Konnen Tiyo Dlo nan 786-268-6955, voye yon imel ba nou nan knowyourpipes@miamidade.gov, oswa vizite miamidade.gov/knowyourpipes.